Ассаламу гIалайкум!

ЗахIмат бихьичIого, рахIат бокьарас,
БекьичIого,лъилъе,нилъ гьечIого,хур.
Инхоса ГIали-хIажи

www.mo-gumbet.ru
Газета бахъизе
байбихьана 1952 с.

# Гумбет

## Гумбет районалъул газета



№ 35 (6774) 13 сентябрь 2021 с. Итни Сафар 1443 с. Багъа - эркенаб

ЧАРАН КИН ЛЪАДАРАРАБ

## Бергьенлъаби цIикIкIаги!

### ХIажимурад МухIамадовас гьитIинал спортсменазе шапакъатал кьуна



**Бакълъул районалъул бетIер, олимпиялъул чемпион ХIажимурад МухIамадовас ДРялъул эркенаб гугариялъул зонаялъул 2006-2008 соназул васазда гьоркьор тIобитIарал къецазулъ бергьенлъи босарал гьитIинал спортсменазе шапакъатал кьуна. Гьел къецазул гIарцулав призерлъун вахъана ГIабдула Бекмирзаев (МелъелтIа), лъабабилеб бакI щвана Шамил ГIабдурахIмановасе (МелъелтIа) ва АхIмад Жамалудиновасе (Игьали).**

Бакълъулазул нухмалъулес ракI-ракIалъ баркана гугарухъабазда махщел цIикIкIарал спортсменал гIахьаллъарал къецазулъ къиматал бакIал щвей. ХIажимурад МухIамадовас гьарана гьезие хадурккунги чIахIиял бергьенлъаби, сундулъго икъбал.

«Бакълъул районалда махщалилаб ва гIаммаб спорт цебетIезе хIажатабщинаб чIезабун буго. Районалъул тIалъиялъ спорталъулаб рахъ цебетIезе бажарараб гьабулеб буго, щайгурелъул сахлъи ва физическияб цебетIей инсанасул лъикIаб гIумрудул къучI кколелъул. Ниж рохула бахъараб хIаракаталъул хIасилал рихьидал. Баркула нужеда къиматал бакIал щвей, гьарула нахъеги бергьенлъаби ва кинабго лъикIабщинаб», – ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

Шапакъатал кьолеб тадбиралда гьединго гIахьаллъана Бакълъул районалъул администрациялъул бетIерасул заместитель МухIамад КаримухIамадов, районалъул физическияб культураялъул ва спорталъул идараялъул нухмалъулев МухIамад Зубайиров ва цогидал. ДРялъул зоналиял къецазул призовиял бакIал росаразе спортивиял сумкаби ва цогидал сайгъаталги кьуна.

Спортсменаз ва гьезул умумуз баркала загьир гьабуна Бакълъул районалъул тIалъиялъе жидее гьабураб кумекалъухъ ва кьураб кIваралъухъ.

**«Гумбет» РИО**

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ АНКЬ

## Лъедалъун хьезариялъул суалал

### МухIамад КаримухIамадовас иргадулаб дандеЛъи тIобитIана



**2021-абилеб соналъул 6-абилеб сентябралда Бакълъул районалъул администрациялда муниципалитеталъул бетIерасул ишал тIуралев МухIамад КаримухIамадовас иргадулаб хIалтIулаб данделъи тIобитIана. Гьенир гIахьаллъарал федералиял, регионалиял ва бакIалъулал идарабазул вакилзабаз халгьабуна районалъул инженериял рахъал церетIеялъул, хIалтIул гIадлу-низам цIуниялъул, муниципалитеталъул спортивиял ва цогидал рахъал лъикIлъизариялъул.**

Дандеруссиналда МухIамад КаримухIамадовас аслияб кIвар кьуна хIалтIул заманалъул гIадлу-низам цIунун, бакълъулазул хIажатал жиндир заманалда тIураялде. Гьединго Ингишо росу лъедалъун хьезабиялъул, кьищни жиндир заманалда баччиялъул, районалъул школазда ва ясли-ахазда цIаккеялъул ахIиялъул низамалъул халгьабиялъул хIасилазул, маданияталъул хIалтIухъабаз тадбирал гIуцIиялъул суалалги рорхана.

«Гумбет» МБУялъул нухмалъулев Умалат МухIамаднабиевас бицана Бакълъул районалъул росабазул школазда аскIор нухлулал гIужал лъеялъул, МелъелтIа росулъ лъим бачунел рогIрал, нухал къачIаялъул ва цогидал кIвар бугел суалазул.

Бакълъул районалъул физическияб культураялъул ва спорталъул нухмалъулев МухIамад Зубайировас баян гьабуна цIалдохъабазда гьоркьоб спорт цебетIезе мурадалда гIуцIизе ругел хIалтIабазул.

Данделъиялъул ахиралда МухIамад КаримухIамадовас хитIаб гьабуна бакълъулазул гIумрудул шартIал лъикIлъизе жигарго хIалтIеян.

**Макка МухIамадова**

ТIИБ. САХЛЪИ – МИЛЛИЯБ БЕЧЕЛЪИ

## Ингишо ФАП рагьана

### «Сахлъи цIуни» миллияб проект – бакълъулазул ракьалда

**Бакълъул районалъул нухмалъулесул ишал тIуралев МухIамад КаримухIамадовас Ингишо росулъ «Сахлъи цIуни» абураб Россиялъул миллияб проекталда рекъон бараб ФАП рагьана. Рохалилаб тадбиралда гьединго гIахьаллъи гьабуна Бакълъул районалъул депутатазул Собраниялъул нухмалъулев Мухтар АхIмадовас, муниципалитеталъул бетIерав тохтурасул ишал тIуралев Муртуз Нажмудиновас, регионалиял ва бакIалъулал идарабазул вакилзабаз ва цогидаз.**

«Сахлъи буго миллияб бечелъи. Пачалихъалъул бетIер Владимир Владимирович Путиница кIудияб кIвар кьола Россиялъул гIадамазул сахлъи цIуниялъе. Гьедин, гIумруялде рахъинарулел руго батIиял проектал, гьезулъ гIахьаллъиялъ мугIрузул ракьалъул росабазеги рес щвана сахлъи цIуниялъул рахъал церетIезаризе.

(Ахир - 2 - аб. гьумералда)

НОМЕРАЛДА РУГО:



ХIажимурад МухIамадов: «Расул ХIамзатов – дунялалъул адабияталъул борхалъи»
- 2 гьум.



Гьалбал хирияб Бакълъул ракь
- 2 гьум.



«Бакълъулазул лига»
- 2 гьум.



«Беслан, дур къварилъи нижеда кIочон гьечIо»
- 2 гьум.

# Ингишо ФАП рагьана

(Байбихьи - тIоцебесеб гьум.)

Бакълъулазул рахъалдасан баркала загьир гьабула федералияб ва регионалияб тIалъиялъе, Дагъистаналъул сахлъи цIуниялъул министр Татьяна Васильевна Беляевалъе ва цогидал Ингишо росулъ гьанжесеб заманалъул тIалабазда рекъараб ФАП рагьизе квербакъаразе», – ян абуна МухIамад КаримухIамадовас.

Ингишо росдал гьоркьохъеб школалде, маданиябгун хIухьбахъиялъул централде ва цогидал бакIаздеги щвана муниципалитеталъул вакилзаби.



«Гумбет» РИО

БАКЪЛЪУЛАЗУЛ РОСАБИ

# Гьалбал хирияб Бакълъул ракь

### «Хинаб кванил хIерч» проекталъул передача хIадурана Килалъ росулъ

**Бакълъулазул ракьалде «Дагъистан» ГТРКялъул журналистал щвана «Хинаб кванил хIерч» проекталда рекъон передача хIадуризе. Гьел къабул гьаруна Килалъ росулъа АхIмад Каримовасул ва ПатIимат ГъалбацIовалъул хъизаналъ. Тадбиралда жигараб гIахьаллъи гьабуна Бакълъул районалъул руччабазул гIуцIиялъул вакилзабаз, маданияталъул хIалтIухъабаз, росдал хIаракатчагIаз ва цогидаз.**



«Дагъистан» ГТРКялъул хIалтIухъан Назира ГIалиева кIалъана нижехъе жиндирго махщелцояй ПатIимат МухIамадовалъул гьариялда рекъон «Хинаб кванил х\ерч» проекталъул передача хIадурлъиялъулъ гIахьаллъиларищан гьикъизе. ПатIимат ГъалбацIова разилъана жиндихъго гьалбал къабул гьаризе, гьедин съемкаби Килалъ росулъ гIуцIизе къотIи ккана.

АхIмадил ва ПатIиматил рокъоб гIуцIун буго некIсиял алатал ракIарараб бокIон. Сверухъ ругел берцинал тIугьдуз, къанагIатал умумузул алатаз, миккил гьотIол гьабураб столалъ, коралъ, рукъалъул бетIергьабазул разияб гьумералъ гIажаибаб хIал букIана сверухъ гьабун. Баркала кьезе бокьун буго тадбир гIуцIизе кумек гьабурал районалъул руччабазул гIуцIиялъул гIахьалчагIазе, маданияталъул хIалтIухъабазе, Каримовазул хъизаналъе, Килалъ росдал руччабазе ва цогидазе. Йохарай йиго гьалбал разиго иналдаса, гьадинал, рекIее лъикIаб асар гьабулел тадбираздалъун бечелъаги нилъер гIумрудул тIанчал», – ян абуна Бакълъул районалъул руччабазул гIуцIиялъул нухмалъулей Загьра ГIабдулаевалъ.

Гьединго лъикIаб гьаболлъиялъухъ ва миллиял кванал гьариялъул мастер-класс бихьизабуралъухъ ПатIимат ГъалбацIовалъе баркала загьир гьабуна маданияталъул хIалтIухъан, муниципалитеталъул руччабазул гIуцIиялъул гIахьалчIужу ГIазра Исубилаевалъги.

«ПатIимат ГъалбацIова ккола кидаго разияй, сундулъго мисал бихьизабулей, унго-унгояй чIужугIадан. РакIракIалъ баркала кьола гьадинаб ракIалдаса унареб тадбир гIуцIизе квербакъаралъухъ, гьарула щулияб сахлъи ва сундулъго битIккей», – ян абуна ГIазра Исубилаевалъ.

**Зугьра ГIабдулкъадирова**

ЧАРАН КИН ЛЪАДАРАРАБ

# «Бакълъулазул лига»

### МухIамад КаримухIамадовас бакълъулазул футболалъул сезон рагьана

**Бакълъулазул бетIерасул ишал тIуралев МухIамад КаримухIамадовас муниципалитеталъул футболалъул сезон рагьана. Тадбир тIобитIана «ГIаркьухъ Арена» байданалда. Данделъиялъул гIахьалчагIазде хитIабги гьабуна муниципалитеталъул нухмалъулесул ишал тIуралес.**

«Ассаламу гIалайкум, хIурматияй гьалбал, гIахьалчагIи, спорт бокьулел! Вохарав вуго Бакълъул районалъул спорталъулаб гIумрудулъ гIолилаз ва цогидаз жигараб гIахьаллъи гьабиялдаса. Гьадинал тадбираз квербакъула хадубккунги махщалилаб ва гIаммаб спорт цебетIеялъе, сахлъи цIуниялъе. Спортивиял тадбиралъ гIахьаллъиялъ гIолилал кьвакIизарула, цIиял гIелазул бергьенлъиялде бугеб къасд цIикIкIинабула», – ян абуна МухIамад КаримухIамадовас.



Гьединго «Бакълъулазул лига» футболалъул сезон рагьиялъул тадбиралда кIалъазе рахъана муниципалитеталъул гIолилазул централъул нухмалъулев ГIабдула Юсупов, «Бакълъул районалъул гIолилал» ДРООялъул нухмалъулев Заур Халидов ва цогидал.

«Бакълъулазул лига» тIобитIизе буго 2021-абилеб соналъул сентябрь моцIалдаса ноябралде щвезегIан, хIаязе къимат кьезе буго хIалбихьи бугел судияз. Сезоналъул тIоцебесеб къоялъ командабаз хIана щуго матч.

«Гумбет» РИО

КЪАЛАМ, ДУЦА ЩУРЕ ЩАКЪИЯЛДЕХУН…

# ХIажимурад МухIамадов: «Расул ХIамзатов – дунялалъул адабияталъул борхалъи»

**Бакълъул районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадовас хитIаб гьабуна Дагъистаналъул халкъияв шагIир Расул ХIамзатов гьавуралдаса 98 сон тIубаялда бан.**



«Расул ХIамзатов – дунялалъул адабияталъул борхалъи. Халкъазда гьоркьосеб «ХъахIал къункърабазул къоял» абураб фестиваль гьанже тIобитIула ЮНЕСКОялъул ахIиялда гьоркь ва лъугьана батIи-батIиял халкъал цолъизарулеб тадбирлъун.

Расул ХIамзатов чIаго вугев мехалъго, «Гьарадирихъ гьавуна шагIир» абураб макъала къватIибе бачIана, гьесул гIадамазда лъаларел гIумрудул тIанчал загьир гьабураб. 1923-абилеб соналда магIарулазул шагIир ЦIадаса ХIамзат имамлъун вукIана Бакьулъ Гьарадирихъ ва гьенив гьавуна Расул ХIамзатов.

«Дир Дагъистан» абураб Расул ХIамзатовасул машгьураб тIехьалда хъван буго Гьарадирихъ росдал ва гьарадерил. Расул ХIамзатовасул шигIру буго инсан лъикIлъиялде ахIулеб, цIиял гIелазулъ ВатIан бокьи цIикIкIинабулеб, рукIарахъин лъикIлъизабулеб», –ян абуна ХIажимурад МухIамадовас.

«Гумбет» РИО

# 15 сентябрь – Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къо

Жакъа Дагъистаналъе ва дагъистаниязе цIакъго хIажат буго цолъи. Россиялда гьечIо Дагъистан гIадаб, гIемер миллатал цолъараб ва гъункараб бакI. Дагъистаналъул халкъазул цолъиялъул къо буго нилъер халкъазул гьудуллъи, вацлъи щулалъиялъе кьучI хIисабалда чIезабураб. Дагъистаналъул тарихалда гIемер руго хIужаби, сундухъго балагьичIого, киналго миллатал цолъун, цо хъизан гIадин цадахъги рахъун цолъун чIеялъул. Гьалъ кIвечIо Дагъистан лъиданиги мукIур гьабизе. Жакъасеб Дагъистаналъул халкъазе цолъи ккола, Дагъистаналъул жамгIият цолъи, социалиябгун экономикияб рахъ цебетIей, хIинкъи гьечIолъи цIуни ва гвангъараб букIинеселде гали тIами. Гьарула нужее щулияб сахлъи, рекъел, парахалъи ва талихI.

**«Гумбет район» муниципалияб районалъул бетIер ХIажимурад МухIамадов**

АНТИТЕРРОР. ДУНЯЛАЛЪЕ – РЕКЪЕЛ

# «Беслан, дур къварилъи нижеда кIочон гьечIо»

### ЖамгIият квешлъиялдаса цIуни – щивасул борч

### Бакълъул мухъалда ВатIан бокьиялъул тадбирал тIоритIана

**Бакълъулазул росабалъ терроризмалда данде къеркьеялъул цадахъаб жавабчилъиялъул къоялда хурхарал тадбирал тIоритIана. Гьедин, ЦIиликь росдал маданияталъул хIалтIухъабазул жигаралдалъун ва школалъул администрациялъул ку-**




**мекалдалъун «Беслан, дур къварилъи нижеда кIочон гьечIо» абураб темаялда тIасан гара-чIвари гьабуна.**

Первомайскалъул маданияталъул централда ракIалде щвезаруна 1996-абилеб соналъул 16-абилеб ноябралда лъугьарал пашманал лъугьабахъинал. ЛъаратIа росдал библиотекаялда «1999-абилеб соналъул бухIараб рии. Дагъистан-Болъихъ» абураб фильм бихьизабуна.

МелъелтIа росдал маданиябгун хIухьбахъиялъул централъул нухмалъулей ГIазра РурухIмаевалъ ва библиотекаялъул нухмалъулей Умижат Халидовалъ лъаялъулаб сагIат тIобитIана.

Тадбирал гIуцIаразул рагIабазда рекъон, лъималазда терроризмалъ лъикIалде рачунареблъи, ракълие гIоло рухI кьуразул къисматалъул ва жамгIият квешлъиялдаса цIуни щивасул борч букIин лъана.

**Макка МухIамадова**

ГIАДЛУ-НИЗАМ

# Рищиязда Россиялъул Бакълъул районалда бугеб ОМВДялъул гIахьаллъи

**Хириял районцоял! Нилъеда тIаде щола руго хIукуматалъе ва тIолабго халкъалъе хIажатал, щивас цIикIкIараб кIвар бусинабизе кколел Россиялъул Федерациялъул Пачалихъияб думаялде ва гьединго Дагъистаналъул Халкъияб Собраниялде партияздасан депутатал рищиял. Нилъер районалда гьаракь кьеялъе кидаго кьола кIудияб кIвар ва гIахьаллъи гьабула гIемерисез.**



Гьел рищиял тIоритIулеб заманалда гъалмагъирал ккечIого рукIиналъе ва къануниял рахъал цIуниялъе рищиязул участоказда ва росабалъ районалъул ОМВДялъги гьабизе буго хIалтIи. Муниципалитеталъул щибаб участокалда рукIине руго полициялъул хIалтIухъаби ва къанунал цIунизе рихьизарурал жавабиял, рихьизарун руго рищиязул заманалда, кIудияб кIвар кьун, цIунизе ругел бакIал, кьоял, гIадамал дандельулел идараби.

ГIуцIун буго хвезабураб хIужа бугони, хехаб къагIидаялда тIаде щолеб хIалтIухъабазул къокъа. Росабалъ машинаби хьвадиялъул гьабизе буго, цIикIкIараб кIвар кьун, хал. Рищиязул заманалда участоказда гIуцIарал комиссиялъул гIахьалчагIи жиндир заманалда квалквал гьечIого хьвадиялъе гьабизе буго нухазул хал, рихьизарун руго цогидал нухалги. Жидер жавабчилъи тIад бугел нухазул хIалтIухъабазда лъазабун буго нухазда тIад букIине кколеб бербалагьи гьабеян.

Рищиязул заманалда бюлетенал, документал, ва цоги къваригIунеб алат цIуниялъе рихьизарун руго хIалтIухъаби. Бухьен гьабун буго администрациялъулгун ва рищиязул комиссиялъул нухмалъулесулгун, участоказда видеоялъулал алатал лъеялъул бицун. ЧIезарун руго нилъер гIатIиракьалда ругел рищиязул участоказдаса комиссиялда цадахъ гьел цIуниялъе хIалтIухъабазул къокъа.

Киналго полициялъул хIалтIухъабазе рищиязда гIахьаллъиялъе ва гьаракь кьезе гIуцIун буго хIалтIулаб график. Кинабго гьеб хIалтIи нухдаинабизе ва рищиял берцинго тIоритIиялъе жигараб кумек ва гIахьаллъи гьабизе ккола киналго нилъер районцоязги. Рищиязде дандечIарал, гьел берцинго ине квалквал гьабизе бегьулел гIадамазул хIакъалъулъ, аниб -доба лъурал щаклъи бугел жалазул лъазабизе ккола полициялъул хIалтIухъабазда. РакIалда ккола, кидаго гIадин, гьал тIоритIулел рищиялги нилъер лъикIаб гIахьаллъигун такъсирияб ва цогидал къануниял рахъал хвезарурал хIужаби ккечIого тIоритIилин, рищиязда хурхарал тадбирал лъикI тIоритIиялъе районалъул полициялъул хIалтIухъабиги кидаго хIадурарал руго.

***Жамалдин Исрапов,*
районалъул ОМВДялъул нухмалъулесул ишал тIуралев, полициялъул подполковник**

СТРАНА ГОР

# Гамзат Изудинов: «Фестиваль «Дни Белых журавлей» – это призыв к миру и добру»

**Главный редактор еженедельника «Гумбет», член Союза писателей России, лауреат премии Александра Блока Гамзат Изудинов напомнил о значимости Международного Гамзатовского литературного фестиваля «Дни Белых журавлей», который проходит под эгидой ЮНЕСКО.**



«Фестиваль «Дни Белых журавлей» – это призыв к миру и добру. С 6 по 10 сентября 2021 года в Дагестане в 35-й раз пройдет Международный Гамзатовский литературный фестиваль «Дни Белых журавлей». В мире крайне редко встречается художественное произведение, которое становится общечеловеческим явлением, влияет на умы и сердца миллиардов людей, оставляет след в мировой истории. Великое стихотворение Расула Гамзатова «Белые журавли» объединяет миллиарды людей, делает нашу планету добрее, лучше.

Символично, что данное произведение зародилось в городе Хиросиме, ставшем жертвой атомной бомбардировки. Идея «Белых журавлей» – идея гуманизма, человеколюбия, неприятия насилия. День солидарности в борьбе терроризмом и Дни белых журавлей – это набат для человечества о человечности», – подчеркнул Гамзат Изудинов. Отметим, что пьеса Гамзата Изудинова «Ослиное ухо», посвященная событиям августа-сентября 1999 года, вошла в Антологию драматургии народов России.

**«Гумбет» РИО**

#СТОПКОРОНАВИРУС05 #ВАКЦИНАЦИЯ

# Сафият Магомедова: «Вакцины России от COVID-19 успешно применяются в мире»

**Сотрудник детского сада «Колобок» села Новое Аргвани Гумбетовского района Магомедова Сафият Хакимовна обратилась к землякам с призывом принять участие в профилактике COVID-19.**

«Уважаемые жители Гумбетовского района! Призываю вас вакцинироваться от COVID-19. Чтобы человечество выжило, необходимо принять участие в прививочной кампании против ковида. Вакцины России от COVID-19 успешно применяются в мире: в Аргентине, Филиппинах, в странах Европы, в 70 государствах», – заявила Сафият Магомедова.



Отметим, что глава Гумбетовского района Хаджимурад Магомедов привился от ковида российской вакциной «Спутник V».

**«Гумбет» РИО**

#СТОПКОРОНАВИРУС05 #ВАКЦИНАЦИЯ

# Париза Магомедова: «Массовая иммунизация от пандемии COVID-19 – единственная возможность победить этот вирус»

**Воспитатель детского сада «Колобок» села Новое Аргвани Париза Магомедова призвала жителей МР «Гумбетовский район» пройти массовую вакцинацию от ковида.**

«Уважаемые жители Гумбета! Массовая иммунизация от пандемии COVID-19 – единственная возможность победить этот вирус. Призываю вас проявить сознательность и принять участие в прививочной кампании против ковида», – подчеркнула Париза Магомедова.



И. о. заместителя главного врача ЦРБ Гумбета Марям Джанакаева также напомнила о значимости профилактических прививок против COVID-19.

**«Гумбет» РИО**

РИТМ ГУМБЕТА

# Совещание представителей сферы образования прошло в Гумбете

**Накануне в администрации МР «Гумбетовский район» под руководством врио главы муниципалитета Магомеда Каримагомедова прошло совещание по вопросам образовательной сферы.**



В мероприятии приняли участие и. о. начальника отдела образования района Гассан Алигаджиев, директора школ, заведующие детсадами и другие. В рамках встречи обсудили подготовку школ к осенне-зимнему периоду, лицензирование образовательной деятельности, рассмотрели вопросы повышения заработной платы педагогам, а также повышения эффективности и качества дополнительного образования.

В завершение мероприятия врио главы Гумбетовского района Магомед Каримагомедов дал поручение участникам встречи усилить работу в своих направлениях, определил круг приоритетных задач и сроки их выполнения.

**«Гумбет» РИО**

# «Газпром межрегионгаз Махачкала» призывает дагестанцев пользоваться возможностями Call-центра

**В рамках повышения качества обслуживания граждан, проживающих на территории Республики Дагестан, а также с учётом социальной ориентированности ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала», организован и функционирует Call-центр (телефон: 8-800-200-98-04).**

Основными направлениями Call-центра Общества установлены методическая и практическая помощь жителям республики по следующим направлениям:

- порядок заключения договора на поставку газа;
- проверка состояния лицевого счета, наличие задолженности и получения информации о способах оплаты за газ;
- порядок начислений и платы за потребленный газ в соответствии с действующим на территории Российской Федерации законодательства;
- порядок применения норм законодательства, особенно по вопросам перерасчёта планово-нормативных начислений, периодичности оплаты и подачи показаний ПУГ;
- о порядке подключения газа после приостановления подачи;
- о видах безналичных форма платежей и удаленная помощь в настройке и использовании соответствующих программных продуктов.

Справка: ООО «Газпром межрегионгаз Махачкала» входит в Группу «Газпром межрегионгаз».

**ПРЕСС-СЛУЖБА ООО «ГАЗПРОМ МЕЖРЕГИОНГАЗ МАХАЧКАЛА»**

**Контактные телефоны: 8(8722) 51-56-55 для СМИ 8 (963) -425-82-68
E-mail: f0050146@dagrgk.ru; hadya_ne@mail.ru**

# Более 3 млн голов скота вакцинировали против бруцеллёза в Дагестане

**Накануне под руководством заместителя Председателя Правительства РД Абдулмуслима Абдулмуслимова состоялось совещание об эпизоотической ситуации по бруцеллезу и принимаемых мерах по оздоровлению неблагополучных пунктов региона.**

Об этом сообщается на официальном сайте республиканского Правительства. Абдулмуслим Абдулмуслимов проинформировал, что в Дагестане проходят ветеринарные мероприятия против заразных болезней, представляющих опасность для человека и животных. По информации источника, в 2021 году осуществлено оздоровление 24 неблагополучных пунктов по бруцеллезу КРС и 8 по бруцеллезу МРС. Помимо этого, было привито 406,5 тыс. голов крупного рогатого скота и 2 млн 900 тыс. голов мелкого рогатого скота.

Выслушав информацию участников совещания, заместитель Председателя Правительства РД Абдулмуслим Абдулмуслимов дал поручение продолжить комплексную работу по профилактике и ликвидации бруцеллеза в регионе, а также провести выездные мероприятия специалистов в муниципалитеты для оказания практической помощи ветеринарным управлениям. Более подробную информацию можно узнать по ссылке: http://www.e-dag.ru/novosti/novosti-pravitelstva/bolee-3-mln-golov-skota-vaktsinirovali-protiv-brutselljoza-v-dagestane.html



**РИО «Гумбет»**

# 24 машины «Соболь» получили медорганизации республики

**Минздрав республики информирует о поступлении в регион 24 единиц санитарного автотранспорта - автомобилей марки «Соболь».**

Об этом сообщается на официальном сайте ведомства. По информации источника, замминистра здравоохранения РД Салман Ахмедов лично передал их представителям лечебных учреждений городов и районов региона. Отмечается, что в рамках программы модернизации первичного звена в этом году республика получила 177 спецтранспортов. Более подробную информацию можно узнать по ссылке:http://minzdravrd.ru/news/item/3098

**РИО «Гумбет»**



#СТОПКОРОНАВИРУС05 #ВАКЦИНАЦИЯ

# Бика Абдулхалимова: «Вакцинация против COVID-19 защищает от летальных исходов»

**Методист Гумбетовского центра традиционной культуры народов России Абдулхалимова Бика Умалаевна обратилась к соотечественникам с призывом проявить сознательность и принять участие в массовой вакцинации против ковида.**

«Уважаемые земляки! Призываю вас вакцинироваться от ковида. Вакцинация против COVID-19 защищает от летальных исходов», – отметила Бика Абдулхалимова.

И. о. главврача ЦРБ Гумбета Муртуз Нажмутдинов также призвал жителей района принять участие в массовой иммунизации против COVID-19.

**РИО «Гумбет»**



# Вопросы реализации национального проекта «Безопасные качественные дороги» обсудили в Правительстве РД

**Накануне Первый заместитель Председателя Правительства РД Батыр Эмеев провел совещание, на котором рассмотрели вопросы реализации нацпроекта «Безопасные качественные дороги».**




По словам Батыра Эмеева, в 2021 году в Дагестане осуществляется масштабная работа обновлению и благоустройству автодорог. Так, в рамках указанного проекта реализуются региональные проекты «Дорожная сеть», «Общесистемные меры развития дорожного хозяйства» и др.

Также участниками совещания были обсуждены вопросы реализации регионального проекта «Мой Дагестан - мои дороги», на реализацию которого было направлено 1,4 млрд руб. Более подробную информацию можно узнать по ссылке: http://www.e-dag.ru/novosti/novosti-pravitelstva/remont-96-ulits-do-kontsa-goda-zavershat-v-makhachkale.html

**РИО «Гумбет»**

# От мошенничества никуда не спрятаться: обманщики теперь орудуют не только на улицах, но и в сети

**Стоит помнить о том, что банк защищает средства своих клиентов 24/7, именно поэтому мошенники нацелились непосредственно на людей, пытаясь выведать всю необходимую для кражи средств информацию в обход банка. Именно поэтому сегодня банки разумно предлагают клиентам дополнительно обезопасить себя. Теперь можно оформлять выгодные страховки счетов и вкладов, чтобы, столкнувшись с мошенниками, иметь возможность вернуть свои средства.**




Например, полис «Сбереги финансы» от СберСтрахования возместит деньги, похищенные мошенниками с карт, счетов и вкладов http://postbar.ru/page/40974327 Ознакомьтесь с выгодными условиями, ведь однажды этот недорогой полис поможет вам вернуть свои средства! А сейчас оформить полис можно со скидкой 20%. Подумав о своей безопасности сегодня, вы обеспечите безопасность ваших накоплений на долгий срок.

Заодно приводим вам интересную статистику, чтобы напомнить: будьте бдительны!

**ОМВД по Гумбетовскому району**

БетIерав редактор
ХIамзат МухIамадович ГIизудинов
телефон: 26-254
Газета гIуцIаразул ва редакциялъул адрес: 368930 Гумбет район, МелъелтIа росу, редакция
gumbet_smi@mail.ru

Жавабияй секретарь
Зугьра ГIабдулкъадирова
Корреспондентал:
Хадижат Мазгарова,
Макка МухIамадова
Фотомухбир: Гебек Гебеков

Набор: Марям МухIамадова
Верстка: Рапият Зулумханова
Газета кьабуна «Лотос» типографиялда
Типографиялъул адрес: МахIачхъала, Петр ТIоцевесесул къватI, 61

Газета къватIибе бачIунаан «Гумбеталъул колхозчи», «Вождасул васиятал», «Бакълъулазул нур» абурал цIаразда гъоркь
Учредитель:
РМБУ «Рио -Гумбет»

Индекс: 51351
Тираж - 1001
Газета къватIибе биччазе гъулбасана, графикалда рекъон: 16 с. 00, хIакъикъаталда : 16 с. 00
Заказ №____

Газета зарегистрирована в Управлении Федеральной службы по надзору в сфере связи, информационных технологий и массовых коммуникаций по Республике Дагестан от 24 января 2012 года. Серия ПИ № ТУ5-0144

Редакциялъул пикру кидаго гуро газеталда рахъарал макъалабазул авторазул пикругун данде кколеб. Макъалабазда рихьизарурал хIужабазул, цIаразул, тарихазул ва цогидалги баяназул жаваб кьола гьезул авторaз. Гьединал макъалаби газеталда рахъула, гьезие халкъалъ къимат кьезелъун.